



Olga Hugelmeyer, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo

Maria Gaeta  
Direktè Lekòl la

Francesca Ferrera  
Asistan Direktè

Mwa Dawou 2024,

Chè Paran/Gadyen ak Elèv yo,

Nou menm, tout estaf, nan Lekòl **Madison Monroe School No. 16**, nou onore epi nou kontan anpil pou akeyi tout elèv ak manm fanmi nou yo nan ane lekòl 2024-2025 k ap kòmanse vandredi 6 Septanm! Pwomès nou se bay chak timoun yon anviwònman kote yo kapab devlope kapasite kreyativ epi reyalize ekselans. Nou kwè chak elèv kapab, epi pral aprann nan nivo ki pi bon pou rive jwenn pi gwo potansyèl edikasyonèl nan yon anviwonman ki gen sekirite, solid, ak bon jan akèy.

Tanpri, pran tan pou vizite sit entènèt distri nou an, ak lyen Retounen Lekòl la nan <https://www.epsnj.org/Page/4374> pou plis enfòmasyon sou rantrè lekòl la. Nan paj ki pi ba a, nou tou ba ou anpil nan enfòmasyon ki deja sou sit entènèt distri a pou ou kapab gade epi revize kounye a.

**PREMYE JOU LEKÒL / PWOSEDİ POU RANTRE AK RANVWAYE LEKÒL**

***Ane lekòl 2024-2025 la, ap kòmanse vandredi 6 Septanm 2024. Enstriksyon ap fèt nan 8:20 a.m. pou rive 3:00 p.m.***

**RANTRE:**

Premye jou lekòl la, **Vandredi 6 Septanm**, se yon jounen lekòl konplè pou tout elèv ki nan klas Pre-K – 8. Tanpri, sonje n ap fonksyone nan orè regilye:

- **Elèv Pre-Kindergarten** ap antre dirèkteman nan “TCU Units” epi y ap swiv direksyon nan kat anba a.
- **Kindergarten** ap antre nan pòt devan epi yo prale dirèkteman nan klas yo.
- **Elèv klas 1è ane** ap itilize antre sou Monroe Avenue epi y ap swiv direksyon ki nan kat anba a.

Madison – Monroe School No. 16



- **Elèv klas 2zyèm, ak 3zyèm ane** ap antre ki devan sou North Avenue epi y ap swiv direksyon ki nan kat anba a.
- **Elèv klas 4yèm ak 5yèm ane** ap itilize antre prensipal batiman an ki sou Monroe Avenue epi y ap swiv direksyon ki sou kat anba a.
- **Elèv klas 6zyèm, 7tyèm, ak 8tyèm ane** ap itilize antre prensipal batiman an ki sou North Avenue epi y ap swiv direksyon ki sou kat anba a.

#### **RANVWA:**

- **Elèv Pre-Kindergarten** ap lage apati 2:55 p.m. apati TCUs.
- **Elèv Kindergarten** ap ranvwaye apati 2:55 p.m. apati sal de klas la.
- **Elèv klas 1è**, ap ranvwaye apati 3:00 p.m. sou zòn Monroe Avenue.
- **Elèv 2zyèm, 3-B10 ak 3-110** ap ranvwaye devan antre North Avenue.
- **Sal 3-107** ap soti sou bò antre ki tou pre Circle Garden sou North Avenue.
- **Elèv klas 4yèm ak 5yèm** ap ranvwaye apati batiman prensipal la, sou North Avenue.
- **Elèv klas 6zyèm ak 7tyèm** ap ranvwaye apati batiman prensipal la sou Monroe Avenue.
- **Elèv klas 8tyèm** ap ranvwaye sou Madison Avenue.


*NÒT: Tanpri Paran, tann pitit ou sou twotwa a, pa kanpe devan pòt antre oswa sou eskalye lekòl la. Tanpri konsidere kanpe machin ou nan pakin ki nan Monroe Street. Tanpri, pa bloke pòt yo.*

**ELÈV KI PRAN OTOBIS** ap kòmanse monte otobis yo apati 2:50 p.m.

**Li enpòtan pou paran vin chèche elèv yo alè, apati 3:00 p.m. nan apremidi.**

- Si sa nesesè, tanpri fè aranjman davans pou konnen ki moun ki responsab pou vin chèche pitit ou lè lekòl lage. Tanpri fè konnen ki kote pitit ou ta dwe rankontre moun k ap vin chèche li oswa si pitit ou ap mache pou ale lakay li. (Paran dwe ranpli fòm pou timoun k ap mache.)
- Ansèyman ap dewoule nan lekòl la jiska 2:55 p.m. chak jou pou elèv ki pa monte nan otobis.
- Si ou dwe vin chèche pitit ou bonè, ou dwe siyen pou li nan youn nan Biwo Direktè yo epi montre idantifikasyon nesesè. Sonje lè pitit ou lage bonè sa vle di pitit ou ap rate kèk nan aktivite aprantisaj nan klas la.
- Tout elèv, paran, ak vizitè dwe antre nan batiman an, nan zòn sekirite a, nan antre prensipal chak batiman.
- **Paran ak vizitè dwe siyen epi montre bon jan idantifikasyon. Ranvwaye elèv bonè pa otorize apre 2:30 p.m.**

Madison – Monroe School No. 16



**Madison Monroe Main Building**

**Main Entrance**

**Side Door** (Left)

**Side Door** (Right)

**Grade 8 & Bus Students Line Up**

**Grade 6/7 Line Up**

**North Ave Sidewalk North A**

**ve Sidewalk**

**NORTH AVENUE**

**Madison AVE**

**Monroe AVE**

**Ms. Liranzo-Hughes A6**

**Ms. Martinez A5**

**Ms. Alves A7**

**Ms. Pilaris A8**

**Ms. Hogan A9**

**Ms. Hillier A10**

**Ms. Jackson A1**

**Ms. Barandica A2**

**Ms. Priendez A4**

**Ms. Borges A3**

**Pre-K Trailers/TCUs**


**Grade - 4**

**Grade - 5**

**Enter Monroe Ave Side Door**

**Grades 4, and 5**

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.  
Email: [gaetama@epsnj.org](mailto:gaetama@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)



### **KALANDRIYE LEKÒL EPS**

Nou mande pou ou gide epi sipòte edikasyon pitit ou nan fason w ap asire ou li ale lekòl chak jou, li rive alè, epi li pare pou eksperyans aprantisaj pandan jounen an. Pou revize Kalandriye Lekòl EPS la pou ane lekòl 2024-2025, tanpri vizite lyen sa a:

#### **Pre-K:**

[SchoolCalendarWrapAroundProgramfor2024-2025.pdf \(epsnj.org\)](#)

#### **K-8:**

[School Calendar for 2024-2025.pdf \(epsnj.org\)](#)

Madison – Monroe School No. 16



### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU PARAN**

PowerSchool se yon sistèm jesyon elektwonik Lekòl Piblik Elizabeth itilize pou kolekte, estoke, epi kenbe enfòmasyon ak dosye enpòtan elèv yo. Aplikasyon an bay paran aksè nan enfòmasyon ki gen rapò ak orè elèv la, prezans, nòt, ak pwogrè akademik menm moman yo disponib la; li ofri tou yon fason pratik pou paran ak pwofesè kominike jan sa nesèsè. Se poutèt sa, tout moun rete konekte. Orè pou ane lekòl 2024-2025 k ap vini an ap pare pou ou wè sou PowerSchool apati Jedi 29 Dawou.

### **ANSYEN AK NOUVO PARAN EPS**

Paran nouvo elèv yo dwe mande yon nouvo kont pou yo kapab antre tout enfòmasyon ki nesèsè pou navige Pòtal Paran PowerSchool la. Ansyen paran yo, ap bezwen konekte, antre, epi mete ajou nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak pitit ou.

Si ou gen difikilte teknik pandan w ap cheche jwenn aksè enfòmasyon nan PowerSchool pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou oswa vizite sit entènèt EPS la nan [Student Support Services / Student Registration \(PreK-12\) \(epsnj.org\)](https://www.epsnj.org/Student-Support-Services/Student-Registration-PreK-12). Lè w rive nan paj la, tanpri klike sou tab "PowerSchool Parent Portal Help". Tanpri, desann epi klike sou lekòl pitit ou a kounye a. Lè sa a, yo pral mande ou ranpli yon fòm kontak sou entènèt. Apre ou fin klike sou bouton « Save and Done » ki anba a, yo pral soumèt demann ou an epi yon moun nan lekòl la pral kontakte ou byen vit.

---

### **ENSTRIKSYON SOU PÒTAL POWERSCHOOL POU ELÈV AK PARAN**

#### **K-8:**

Pou jwenn enstriksyon sou fason pou navige PowerSchool Parent Portal, tanpri vizite sit entènèt EPS la nan [Student and Parent Sign In \(powerschool.com\)](https://www.powerschool.com/Student-and-Parent-Sign-In)

---

Madison – Monroe School No. 16

---

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.  
Email: [gaetama@epsnj.org](mailto:gaetama@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)



### **RÈGLEMEN POU INIFÒM**

Objektif kòd abiman EPS la se pou pwomouvwa yon imaj pozitif ak pou amelyore fyète lekòl pami elèv nou yo. Sante, sekirite, ak byennèt nan ledikasyon se objektif prensipal kòd abiman ansanm ak ankouraje yon anviwònman ki fasilite disiplin ansanm ak ledikasyon. ***Elèv la dwe mete inifòm lekòl la chak jou.***

W ap jwenn règleman sou inifòm lekòl pitit ou sou sit entènèt <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri souple, gade “*Uniform and Dress Code Policies*” epi swiv enstriksyon ki bay.

Paran, n ap mande koperasyon ak sipò ou konsènan respè pitit ou dwe genyen pou règleman sou inifòm nan. Elèv ki pa respekte règleman inifòm lekòl la p ap gen dwa antre nan batiman lekòl la nan vandredi 6 septanm oswa nenpòt jou lekòl apre sa. Tanpri pa ezite kontakte biwo Direktè lekòl la si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan règleman inifòm lan.

---

### **APARÈY ELEKTWONIK**

#### **Pre-K:**

Enplemantasyon « iPads » nan klas matènèl bay yon opòtinite pou elèv pi piti nou yo devlope jan yo aprann ak teknik atravè eksperyans ki apwopriye pou devlopman yo. Pandan « iPad » ka sèvi kòm yon zouti pou ede ranfòse ladrès nan domèn lekti, ekriti ak matematik, li kapab tou bay elèv lekòl matènèl opòtinite pou envestige, eksplòre, ak kreye nan anviwònman timoun piti.

Aplikasyon iPad entegre san pwoblèm nan kourikoulòm lekòl matènèl nan lè aktivite anndan klas la. iPad amelyore edikasyon elèv yo pandan li bay yo opòtinite pou rakonte ak kreye pwòp istwa yo, envestige ak eksplòre nouvo kote enteresan ak divès kilti, kaptire aprantisaj yo atravè pòtfolyo elèv yo kreye, epi ranfòse konpetans atravè liv ak aplikasyon pou aprantisaj.

#### **K-8:**

Pou kèk ane ki sot pase yo, lekòl nou an te fonksyone kòm yon lekòl teknoloji 1:1; epi kòm rezilta, tout elèv yo pral kontinye itilize yon òdinatè pòtab pou ansèyman chak jou nan klas yo. Elèv yo ta dwe fè tout efò posib pou pran swen laptop yo pandan ane lekòl la, paske se yon privilèj espesyal. Enplemantasyon teknoloji 1:1 nou an ap kontinye asire elèv nou yo rive nan nivo konpetitif ki nesesè pou ankouraje preparasyon pou kolèj ak karyè. Tout elèv dwe vini lekòl chak jou, ak laptop ki chaje, ansanm avèk kòd ki pou chaje laptop la.

---

Madison – Monroe School No. 16



## NOUVO ELÈV

Tout nouvo elèv nan distri a ap resevwa laptop nan premye semèn lekòl la.

- Sak lekòl, katab, Klasè, sak pou kreyon, manto, elatriye dwe gen non elèv la ekri anndan li ak plim oubyen make.
- Pou lekòl Madison-Monroe School No. 16 opere nan bon jan sekirite, nou mande w tranpri, gade règleman ak direksyon ki sou sit entènèt EPS la nan :  
<https://www.epsnj.org/Page/4374>.
- Tanpri, chak jou, tcheke sak lekòl pitit ou ansanm ak katab li, pou verifye devwa li ansanm ak dokiman enpòtan lekòl la voye ba ou.
- **Elèv PA GEN DWA ITILIZE Telefòn pòtab, iPod, AirPods, elatriye, ni anndan lekòl, ni nan klas la, pandan aprantisaj.**
- Pandan nou konprann tout elèv gen telefòn pòtab pou ka dijans, **elèv la dwe fèmen telefòn nan, epi kite l nan sak lekòl li.** Si yon elèv gen telefòn nan men li, apre li fin pase pòt antre lekòl la, n ap sezi telefòn nan. Apre sa, n ap enfòmè paran pou vin cheche telefòn nan, nan biwo Direktè lekòl la.
- A nenpòt ki moman, lekòl la gen dwa fouye kazye elèv klas 7yèm ak 8yèm ane, dapre Règleman Distri a.

---

### **RETE KONEKTE**

### **Resevwa Rapèl/Mizajou Lekòl yo atravè Mesaj Tèks!**

Enskri pou resevwa mesaj ki soti nan lekòl pitit ou ak nan Lekòl Piblik Elizabeth

### **ENSTRIKSYON POU NOUVO AK ANSYEN PARAN**

Li trè enpòtan pou nou gen adrès kay ak/oswa nimewo telefòn ki pi ajou pou nou ka kontakte ou nan ka yon ijans oswa pou diskite sou pwogrè pitit ou. Tanpri, asire ou mete ajou enfòmasyon, kontak ou lè ou konekte sou « PowerSchool Parent Portal » la; epi ranpli fòm

Madison – Monroe School No. 16



Enfòmasyon Ijans ou jwenn anba lyen Fòm yo pandan tout ane lekòl la si ta gen yon chanjman nan adrès lakay ou /oswa nimewo telefòn ou. Nou espere kominikasyon ouvè ant kay la ak lekòl la paske sa se youn nan kle ki pi enpòtan pou siksè akademik nan lekòl la.

Sistèm Notifikasyon nou an pèmèt manm pèsònèl la kontakte paran yo atravè mesaj elektwonik, tèks, ak mesaj vèbal ki anrejistre sou telefòn lan. Atravè sistèm sa a, paran yo resevwa enfòmasyon ijans rapid sou gwo evènman, oswa dat k ap vini yo. Pou asire sistèm sa a ap kontinye fonksyone nan yon fason trè efikas, li enpòtan anpil pou nou gen enfòmasyon ki ajou, nan dosye chak elèv.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou kenbe kontak ou ajou, tanpri vizite sit entènèt EPS la : <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade nan tab "Rete Konekte" epi swiv enstriksyon yo bay sou fason pou mete enfòmasyon ou ajou sou PowerSchool.

Anplis de sa, tanpri konsidere ofri sèvis volontè pou sipòte Òganizasyon Paran/Pwofesè (PTO) nan lekòl pitit ou. PTO bay anpil opòtinite pou fanmi ki nan kominote lekòl la pou patisipe epi rete konekte. Tanpri, asire ou enskri epi aprann plis sou anpil resous ki disponib pou pitit ou isit la nan Lekòl Piblik Elizabeth yo.

---

#### **NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN:**

- |                                         |               |
|-----------------------------------------|---------------|
| • Biwo lekòl la (Batiman prensipal la)  | 908-436-5770  |
| • Biwo lekòl nan batiman akote a        | 908-436-4048  |
| • Direktè (batiman prensipal la)        | 908-436-5755  |
| • Asistan Direktè (Batiman akote)       | 908-436-4050  |
| • Biwo sekretè batiman akote a          | 908-436-4048  |
| • Biwo Sekretè anchèf batiman prensipal | 908-436-5757  |
| • Sekretè nan biwo prensipal la         | 908-436-5773  |
| • Enfimyè nan biwo akote a              | 908-436-4049  |
| • Infimyè nan batiman prensipal         | 908-436-5760  |
| • Konseye Pedagojik batiman prensipal   | 908-436- 5771 |
| • Travayè Sosyal Batiman prensipal      | 908-436-5775  |
| • Chèf Kafeterya                        | 908-436-5765  |

---

Madison – Monroe School No. 16

---

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.  
Email: [gaetama@epsnj.org](mailto:gaetama@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)



### **DISTRI / ENFÒMASYON POU LEKÒL**

Tanpri, asire ou revize epi ranpli anvan premye jou lekòl tout dokiman obligatwa ki nan lis anba a. Anplis, mete ajou tout enfòmasyon pèsonèl ou regilyèman:

- Fòm Enfòmasyon pou Ijans
- Avi Konsènan egzamen fizikal
- Fòm Media Release
- Fòm Pèmisyon Entènèt ak Rezo Elèv ak Règleman Elizabeth pou Itilizasyon Entènèt
- Itilizasyon Akseptab Pou Teknoloji – Fòm Elektwonik Aparèy Mobil
- Fon Koneksyon pou Ijans (ECF)
- Aplikasyon pou manje midi

Pou w ka jwenn aksè nan dokiman obligatwa ki endike anwo a, tanpri vizite sit entènèt EPS la <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri gade tab “Fòm ak aplikasyon pou pitit ou” epi swiv enstriksyon yo.

---

### **IMMUNIZATION REQUIREMENTS**

#### **Pre-K:**

Tanpri, nou vle ou konnen Depatman Sèvis Sante Eta New Jersey chanje plizyè egzijans sou vaksinasyon. Tout timoun ki ale nan sant gadri ak lekòl matènèl ki gen lisans oblije pran vaksen kont grip chak ane.

Tanpri, li nesesè pou ou bay prèv pitit ou resevwa vaksen. Bay li pi vit posib e pa pita pase 20 desanm 2024. N ap ranvwaye elèv ki pa gen dokiman nesesè apati **2 Janvyè 2025**.

#### **K-8:**

Leta New Jersey rekòmande pou tout timoun ki fèt apre premye Janvyè 1997, ki nan klas 6, **pou resevwa boustè dòz “diphtheria, tetanus and pertussis vaccine (Tdap)” ansanm ak dòz “meningococcal vaccine.”** Pote bay enfimye lekòl la tout dokiman, papyè vaksinasyon ki pwouve pitit ou k ap antre nan klas 6, nan dat **Vandredi, 6 Septanm, 2024**.

Elèv k ap antre nan Klas 6zyèm ane, ki fèt nan dat oubyen apre **Vandredi 6 Septanm, 2024** dwe pote lèt ekri ki soti nan men doktè, pou pwouve elèv la gen randevou pou al pran vaksen yo.

Madison – Monroe School No. 16



Randevou a dwe ekri 2 semèn anvan pitit ou genyen 11 zan. Paran dwe soumèt dokiman vaksinasyon an rapidman apre randevou a. Lalwa oblije Distri Lekòl Piblik Elizabeth pou asire tout elèv resevwa vaksen yo mande yo.

**Timoun ki pa satisfè egzijans vaksen oswa ki pa gen dokiman pou yon randevou vaksen nan 2 semèn apre yo fin gen 11 zan pap kapab rete lekòl la. Lekòl la ap voye yo tounen lakay yo kòmanse premye jou lekòl la.**

---

#### **TRANSPÒTASYON**

Men ki elèv ki kalifye pou jwenn transpòtasyon:

- Elèv elemantè ki abite plis pase 2.0 mil de lekòl yo
- Elèv lekòl segondè ki abite plis pase 2.5 mil de lekòl yo
- Elèv ki gen IEP ki gen sèvis transpò

---

#### **PWOGRAM MANJE MATEN**

Pou aplikasyon pou manje, tanpri vizite sit entènèt EPS <https://www.epsnj.org/Page/4374>. Tanpri ale sou tab ***“Forms and Applications for Your Child”*** epi swiv enstriksyon yo. Li enpòtan pou ou ranpli tout fòm yo.

- Peye fakti manje lekòl la alè.
- Manje maten sèvi chak jou pou tout elèv nan klas K-8 depi 7:50 a.m. pou 8:15 a.m. nan 2 kafeterya nan batiman prensipal ak nan batiman akote a. Apati 8:20 a.m., tout elèv klas K-8 dwe rantre nan klas yo.
- Pandan tout timoun gen dwa pou pote manje pa yo nan lekòl la, Madison Monroe School No. 16 ***pa admèt elèv pote manje ki pa bon pou la sante (Junk food) nan anviwonman lekòl la*** paske nou se yon lekòl ki fè Alyans ak Lasante. Anplis, nou pa otorize nwa (nut free) nan lekòl la.
- Nou selebre fèt nan yon vandredi espesyal jan sa di nan kalandriye masyèl lekòl la.

---

Madison – Monroe School No. 16



### **FOUNITI POU LEKÒL**

Tanpri bay pitit ou materyèl lekòl sa yo pou kòmansman ane lekòl la. Yo te bay chak elèv yon lis pi detaye pandan dènye semèn lekòl la, epi yo te voye l atravè « Blackboard Connect » plizyè fwa pandan mwa Ete yo.

- Pre-K:** 2 Katab (2 pòch) ak non konplè elèv la ak nimewo telefòn fanmi an  
Sak lekòl ak non konplè ekri sou andedan an  
Dra pou bèso ak ti dra pou timoun nan dòmi  
Rad ki pou rete nan lekòl la, oka elèv la gen yon aksidan  
Bwat tisi ak ti sèvyèt ti bebe  
Foto Fanmi
- Klas K-5:** Sak lekòl ak non konplè ekri sou andedan an  
Ka kreyon ak 3-5 kreyon file, gonm, ak kreyon/plim wouj  
5 Katab (2 pòch) ak non konplè elèv la ak nimewo telefòn fanmi an  
4 Kaye ak 1 Kaye Matematik « Marble »  
2 1" pous 3 bag classeurs  
Baton lakòl Elmers yo  
Bwat kreyon koulè (16/24 konte) / Makè / Kreyon koulè / Makè efase sèk / Gom  
Bwat tisi ak ti sèvyèt dezenfekte  
Seri pèsònèl nan kas ekoutè, de preferans yon seri ak yon mikwofòn  
Kat librairie (se yon sijesyon)
- Grades 6-8:** Same as Grades K-5 plus the following (different size binder):  
3-pous Klasè ak tout separèt  
Papye trase (Standard Size Packet)  
Seri pèsònèl nan kas ekoutè, de preferans yon seri ak yon mikwofòn  
Kat librairie (se yon sijesyon)  
USB Flash drive

---

### **RETOUNEN LEKÒL ASWÈ**

N ap tann pou nou rankontre paran/gadyen nan Sware Retounen Lekòl la, nan jou **Mèkredi 25 Septanm, 2024 apati 5:30 p.m.**

---

Madison – Monroe School No. 16

---

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.  
Email: [gaetama@epsnj.org](mailto:gaetama@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)



Nou espere nou tout pral kontinye jwi rèss Ete a. Ann kontinye ak misyon nou pataje ansanm pou nou reyafime ekite, retabli atant, ak reprann ekselans! Nou espere kòmanse yon lòt vwayaj ansanm *Vendredi 6 Septanm*.

Sensèman,

Maria Gaeta,  
Direktè Lekòl la

Madison – Monroe School No. 16

---

1091 North Avenue, Elizabeth, New Jersey 07201 • Ph: 908.436.5770 • Fax: 908.436.  
Email: [gaetama@epsnj.org](mailto:gaetama@epsnj.org) • Website: [www.epsnj.org](http://www.epsnj.org)